

gametes	gamèt	selil jeminal mal ak femèl; espèm ak ze.
gamma rays	reyon gama	Radyasyon ki gen anpil enèji ki pa gen chaj elektrik ak mas; chan elektrik oswa mayetik yo pa detounen radyasyon sa a; anjeneral li akonpaye avèk radyasyon alfa ak beta, epi li jisitfyè pèt enèjetik pandan dezintegrasyon radyo-aktif.
gas	gaz	Yon fòm matyè k ap koule pou pran fòm kontenè li; ki plen volim kontenè a nèt epi ki konprese fasilman.
gastrula	gastrila	etap devlopman anbriyon zannimo kote selil ki sou yon kote blastila deplase andedan pou fòm yon kavite ki gen de (2) oswa twa (3) kouch selil ki gen ouvèti nan yon pòl.
gem	pyè presye	Mineral ra, trè presye ki ka koupe, poli epi itilize pou bijou.
gene	jèn	segman ADN ki kontwole pwodiksyon pwoteyin ak sik selilè a.
gene pool	patrimwàn ereditè	tout alèl ki nan jèn yon popilasyon.
gene splicing	rekonbinezon jenetik (grèf jèn)	nan teknoloji rekonbinezon ADN nan, se reasanblaj fragman ADN yo avèk vektè ak lòt anzim yo.
gene therapy	terapi jenik	entwodiksyon jèn nòmal nan selil imen pou korije dezòd jenetik yo.
genetic drift	deriv jenetik	chanjman frekans alelik nan yon popilasyon pa chans; sa lakòz dezòn nan ekilib jenetik la.
genetic engineering	jeni jenetik	metòd pou koupe ADN nan yon òganis epi pou entwoudi yon òganis ot (ki akeyi) menm espès oswa yon espès diferan.
genotype	jenotip	konbinezon jèn nan yon òganis.
genus	jan	premye mo yon non syantifik ki gen de (2) pati ki itilize pou idantifye yon gwoup espès ki sanble.
geologic time scale	echèl tan jeyolojik	Pase istorik tè a ant orijin li ak kounye a; pase istorik sa a itilize pou etabli rapò ant evènman jeyolojik yo, chanjman yo nan anviwònman an ak devlopman fòm lavi ki konsève nan wòch yo.
geothermal energy	enèni jeyotèmik	Enèji ki pwodui nan pwòp vapè ak dlo cho tè a.
germination	jèminasyon	kòmansman devlopman yon anbriyon nan yon nouvo plant.
gestation	jestasyon	tan ki nesèsè pou mamifè plasantè yo devlope andedan matris la.

geyser	jezè	Sous dlo cho eksplozif ki pete regilyèman.
gizzard	zizye	sak ki pawa miskilè ak patikil di ki kraze tè anvan tè a pase nan trip la.
glacier	glasye	Gwo mas glas mobil ki fòme toupre pòl tè a ak nan rejyon montaye ki nan wot altitud.
gland	glann	nan mamifè yo, se yon selil oswa yon gwoup selil ki sekrete fliyid yo.
Global Positioning System (GPS)	Sistèm Pozisyon Global (SPG)	Sistèm navigasyon baze sou satelit ki pèmèt yon itilizatè detèmine pozisyon egzat li sou tè a.
global warming	rechofman atmosferik	Ogmantasyon tanperati global yo ki ka rive akòz ogmantasyon nan gaz ki lakòz efè sè, tankou CO ₂ (dyoksid kabòn).
glycolysis	glikoliz	nan respirasyon selilè, se yon seri reyaksyon chimik anayewobi nan sitoplas la ki dekonpoze glikoz la an asid pirivik; li fòme yon pwofi nè ki gen de (2) molekil ATP.
grasslands	preir	byòm ki konpoze avèk gwo kominote ki kouvri avèk tè fètil, zèb, ak ti plant sanblab; li resevwa ant 25 ak 75 santimèt presipitasyon pa ane.
gravitational field	chan gravitasyon	Se chan ki antoure nenpòt objè ki gen mas; li egal a konstant gravitasyon inivèsèl, miltipliye pa mas objè a, divize pa kare distans sant objè a.
gravitational force	gravitasyona	Se fòs atraktif ant de (2) objè ki pwopòsyonèl dirèkteman avèk mas objè yo.
greenhouse effect	efè tèmik	Chofaj natirèl sifas tè a akòz sèten gaz atmosferik, ki ede kenbe tè a cho ase pou sipòte lavi.
ground state	eta fondamantal	Pi ba eta enèjetik ki admisib pou yon atòm.
grounding	mizantè	Pwosesis pou retire chaj anplis lè yo mete yon objè sou tè
group	gwoup	Yon kolòn vètikal eleman nan yon tablo peryodik klasifikasyon; li rele yon fanmi you.
growth	kwasans	ogmantasyon nan kantite sibstans vivan ak fòmasyon nouvo estrikti nan yon òganis; se yon karakteristik tout kreyati vivan.